Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 46 (7447)
25 ноябрь
2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ХIалтIулаб группаялъул данделъи



Дагьал церегIан къоязда районалъул администрациялда тIобитIана налогал ракIариялъул иш щвалде щвезабиялъе гIуцIараб хIалтIулаб группаялъул совещание.

Гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Совещаниялда гIахьаллъана прокуратураялъул ва Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул вакилзабиги.

Къойил балагьиялде босун букIана налогал ракIариялъул, налогазул органазда хъвай-хъвагIай гьабичIого предпринимательствоялъул ишалда ругел тIатинари. Дандбана буголъиялда, ракьул ва транспорталъул налогал ракIариялъул бугеб ахIвал-хIал.

Совещаниялда аслияб суаллъун букIана районалъул территориялда ругел инвестиционниял проектазда хIалтIулел ругел подряднииял организацияздаса НДФЛ бачIинаби.

Муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна налогал кьолезулгун хIасил кьолеб, бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккеялда. «I декабралде нилъеца кIвараб хIалтIи гьабизе ккола гIадамазда налогал ракIариялъул бугеб кIвараалъул бициналда. I декабралдаса нахъе кьечIел налогазде тIаде рачIине руго пеня ва штрафал. Гьединлъидал дица лъикIаблъун бихьизабула гьеб заман щвелалде налогал кьей»,-ян абуна районалъул бетIерас.

Гьединго иш тIаде кколел рокъо-рокъоре ун заманалда налогал кьеялъул бугеб кIваралъул бичIчIизабуни лъикIаб букIиниланги бихьизабуна ГI. МухIамадовичас.

Данделъиялда хIукму гьабуна гьединал тадбирал щибаб анкьалъ тIоритIизе.

## ГIуцIиялъул комитеталъул заседание



Дагьал церегIан къоязда районалъул администрациялда тIобитIана ДАССР гIуцIаралдаса I00 сон тIубай кIодо гьабиялъе гIуцIараб комитеталъул гIахьалчагIадул данделъи.

Заседание бачана муниципалитеталъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас. ГIуцIиялъул комитеталъул гIахьалчагIаз гьоркьоб лъуна гьеб тадбир тIобитIизе хIадурараб план.

Заседаниялъул хIасилал гьарулаго иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаялги.

## Аппараталъулаб совещание

20 ноябралда райадминистрациялъул конференц-залалда, районалъул бетIерасул экономикиял суалазул рахъалъ зам. Хъ-М. ГIабдулхалиикъовасул нухмалъиялда гьорк тIобитIана аппараталъулаб совещание.

Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, администрациялъул отделазул начальникал ва специалистал. Тадбир байбихьана церехун кьурал тIадкъаял тIураялъул хал гьабиялдасан.

Совещаниялда гьоркьор лъуна хадусел суалал: районалъул лъай кьеялъул учреждениязе продуктаби роси цойиде кIутIи, налогал ракIари, эпидемиологиялъул бугеб ахIвал-хIал, учреждениялгун организациял цIа



ккеялдаса цIуни, ДАССР гIуцIаралдаса I00 сон тIубаялде хIадурлъи ва гь. ц.

Жиде-жидер ишалъе жаваб кьолез гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна процентаздалъун.

Совещаниялъул ахиралда жавабиязе кьуна цIиял тIадкъаял ва гьел гIумроялде рахъинаризе заманги бихьизабуна.

## Р А С П О Р Я Ж Е Н И Е

от «_16 »_ноября________2020 г. № 197 Р_____

**Об Организационном комитете для проведения мероприятий, посвященных празднованию в Унцукульском районе 100 – летия со дня образования ДАССР**

**Для организации и проведения мероприятий, посвященных празднованию в Унцукульском районе 100-летия со дня образования ДАССР:**

1. Образовать Организационный комитет в составе:

1.1. Магомедова А.М. – заместитель главы администрации МО «Унцукульский район», председатель;

1.2. Абдулаева А.М. – начальник МКУ «Отдел культуры» МО «Унцукульский район», заместитель председателя;

1.3. Гамзатова М.А. –заместителя главы администрации МО «Унцукульский район»;

1.4. Алиевой П. М. – руководитель аппарата Администрации МО «Унцукульский район»;

1.5. Гасанова К.Т. – начальник МКУ «Отдел образования» МО «Унцукульский район»;

1.6. Мухастанова А .Г. – начальник отдела по физкультуре, спорту, молодежи и туризму Администрации муниципального района;

1.7. Магомедова М. М. – главный специалист по физкультуре и спорту отдела по физкультуре, спорту, молодежи и туризму Администрации муниципального района;

1.8. Газимагомедова Г. Г. – начальник МКУ «Единая информационная служба» МО «Унцукульский район»;

1.9.Хайбулаевой У. А. – главный специалист по поселениям района.

2. Организационному комитету разработать план мероприятий посвященных празднованию юбилея, определить ответственных и сроки реализации.

**И. о. Главы МО**
**«Унцукульскийрайон» А.М.Магомедов**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 46 (7447)
АрбагI
25 ноябрь 2020 сон

2 гъумер

Дагъистан Республикаялъул БетIерасул администрациялъул управлениялъ ва РДялъул хIукуматалъ республикаялда информационнияб политикаялда хурхун тIобитIараб мониторингалда нилъер районалъул сетовая газета «Голос гор» ккана лъикIазул къогоязде гъорлъе.

Мониторинг тIобитIана управлениялъул специалистаз. Къимат кьуна сетевияб изданиялда лъурал материалазе, гьезул качествалъе ва цогидалъеги.

Баркула «Голос гор» изданиялъул бетIерай редактор Мадина Султановалда гьеб хIасил. Гьарула Дуе хадубккунги хIалтIулъ цIи-цIиял бергьенлъаби.

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от «10» ноября 2020 г. № 163

**О внесении изменений в Правила внутреннего трудового распорядка Администрации муниципального района «Унцукульский район»**

В целях приведения Правил внутреннего трудового распорядка Администрации муниципального района «Унцукульский район» в соответствие с Трудовым кодексом Российской Федерации, постановляю:

1.Внести следующие изменения в Правила внутреннего трудового распорядка Администрации муниципального района «Унцукульский район», утвержденный постановлением Главы муниципального образования «Унцукульский район» от 09 января 2017 г. №2:

- абзац 3 раздела 7 изложить в следующей редакции:

«Продолжительность рабочего времени составляет: для мужчин 40 часов в неделю, для женщин 36 часов в неделю. Начало ежедневной работы: для мужчин - 09 часов 00 минут, окончание рабочего дня в 18 часов 00 минут, для женщин - 09 часов 00 минут, окончание рабочего дня в 17 часов 20 минут.»;

- абзац 11 раздела 7 исключить.

2 Признать утратившим силу постановление Главы муниципального образования «Унцукульский район» от 14 февраля 2019 г. № 13 «О внесении изменений в постановление главы МО «Унцукульский район» от 09.01.2017 №2 «Об утверждении Правил внутреннего трудового распорядка Администрации муниципального района «Унцукульский район»».

3 Руководителю аппарата администрации МО «Унцукульский район» Алиевой П.М. ознакомить с настоящим постановлением всех муниципальных служащих администрации района по роспись.

4.Руководителю МБУ «Единая информационная служба» обеспечить опубликование настоящего постановления на официальном сайте администрации муниципального образования «Унцукульский район».

5.Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации района Магомедова Абдулмуталима Муртазалиевича.

**Глава МО**
**«Унцукульский район» И.М. Нурмагомедов**

# ТОялъул начальникгун дандчIвана



**Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана районалъул администрациялъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовасул Роспотребнадзоралъул ТОялъул Буйнакск шагьаралда бугеб управлениялъул начальник ГIабдула ГIисаевасулгун дандчIвай.**

**Тадбиралда гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул начальник Къ-М ХIасанов, мобилизационниял хIалтIабазул рахъалъ бетIерав специалист П. МалламухIамадов, Генуб росдал бетIер М. МухIамадовги.**

**Данделъиялда гьоркьоб лъуна эпидемиологияб рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIал, гьелда хурхун РДялъул Роспотребнадзоралъул тIалабал тIуразари, хадубккун короновирус тIибитIунгутIиялъе гьаризесел тадбирал.**

ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялде

# Унсоколо Дахадаев колхозалъул 1938 соналъул отчет

Унсоколо М. Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалъ 38 абилеб соналъ колхозалъул хIалтIи мисалияб къагIидаялъ гьабун буго.

Гьаб соналъул I январалдаса байбихьун колхозалда соц. къецалъул договорал руго, хасго бригадабазда гьоркьоб. Кинабниги колхозияб магIишаталда, хасго ахакь гьабизе кколеб хIалтIул хIакъалъулъ ва гьел договоразда рихьизарун рукIанщинал пункталги тIуразарун руго 90 проценталъ. Гьеб договоралда рихьизарурал пунктал тIуразариялъе бищун кIвар кьун, лъикI хIалтIарав вуго I себ бригадаялъул бригадир Асиев ГIабдурахIман.

Гьединго колхозалда жаниб производственниял планал руго лъагIалил, квартаралъул ва гь. ц.

Гьел планазда рихьизарун рукIаралщинал хIалтIабиги тIасан рорчIун тIуразарун руго. Колхозалъул членазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи щивав членасул махщелгун бажариялда рекъон кьола. Членасул захIматкъоялъул хIисаб битIараб къагIидаялъ гьабула.

Гьаб соналда колхозалда жаниб хIалтIул норма буго киналго членаз тасдикъ гьабураб. Гьелъул хIасилада къоял кьей нормаялда рекъон буго. Членасе захIматкъо жиндир заманалда хъвала. Колхозалда отчет-отчетность кинабниги хIалтIул битIараб къагIидаялда буго. Колхозалда жанир хIалтIулел Стахановцалги ударникалги араб соналде дандеккун гьаб соналъ цIикIкIун руго. 37 соналъ Стахановцал рукIун руго 6 чи, гьаб соналъ руго I3 чи, гьезда гьоркьоса 3 чIужугIаданги. Гьел стахановцазе нилъеца ноябралъул праздникалде 500 гъурущ премиеги кьуна.

Гьединго колхозиял ахакьа бакIарун пачалихъалъул пункталде пихъ кьеялъул процент цIикIкIараб къагIидаялъ тIубазабуна.

Унсоколо Дахадаев колхозалъул гьаб соналда пихъ бакIаризе планалда букIун буго: багIлидал I500 кг., бакIарун буго I870 кг. гьеб ккола I24 процент. Гьеб багIли колхозалъул тукада лъун бичана.

ЧIахIияб курак бакIаризе планалда букIун буго 80 тонна, бакIарун буго I48,752 кг. гьелда гьоркьоса пачалихъалъул пункталде кьуна I39,9I0 кг., гьеб ккола I74,9 процент. ХутIараб 8842 кг. пачалихъалъул багьаялда членазе кьуна. Кинабниги бакIарараб куракул I85,9 процент кколеб буго.

ГIисинаб курак бакIаризе планалда букIана I0 тонна, бакIарун буго 25,579 кг., гьелда гьоркьоса пачалихъалъул пункталде кьуна II,I07 кг., 111 процент. ХутIараб I4,472 кг. членазе жидерго хIажаталде буссинабизе кьуна, кинабниги бакIарун буго 255,8 проценталъ гIисинаб курак.

Кукамул бакIаризе планалда букIун буго I000 кг., бакIарун буго 4595 кг. гьелда гьоркьоса пачалихъулъул пункталде кьун буго 3I80 кг. 3I8 процент. ХутIараб I4I5 кг. колхозалъул тукадасан бичуниги членазе кьуниги буго. Кинабниги кукамул бакIарараб бачIин 459,3 процент буго.

ЧIахIияб микьир бакIаризе планалда букIана 50 тонна, бакIарун буго 76,800 кг., гьелда гьоркьоса пачалихъалъул пункталде кьуна 74,800 кг. – I49,6 процент. ХутIараб 2000 кг. тукадасан бичуниги членазе кьуниги буго. Кинабниги бакIарараб мокьрол план тIубан буго I49,6 проценталъ. ХутIараб 2000 кг. тукадасан бичуниги членазе кьуниги буго, кинабниги бакIарана I53,3 проценталъ чIахIияб микьир.

ГIисинаб микьир бакIаризе планалда букIана 8000 кг., бакIарана 29600 кг. Гьелда гьоркьоса пачалихъалъул пункталде кьуна 28600 кг.- 357 процент. ХутIараб I000 кг. членазе кьуна.

Хурма бакIаризе планалда букIана I0.000 кг., бакIарана I7.930 кг. гьелда гьоркьоса пачалихъалъул пункталде кьуна I7,II4 кг. хутIараб 82I кг. жидерго хIажалъаби тIуразе членазе кьуна. Кинабниги бакIарараб хурмадул план тIубан буго I79 проценталъ.

Гени бакIаризе планалда букIана 70,000 кг., бакIарана 83,500 кг. Гьебги тIубан пачалихъалъул пункталде кьуна. План тIубан буго II9,5 проценталъ.

Кинабниги данде бачун балагьани пачалихъалъул пункталде гьаб соналъул 30 октябралде щвезегIан пихъ кьезе план букIун буго 230, тоннагин 5000 кг., кьун буго 388,595 кг. Гьеб ккола I68,6 процент. 30 тоннагин 420 кг. колхолалъул тукадасан бичун яги членазе кьун буго.

Пачалихъалъе гьан кьезе кколеб букIун буго 820 кг., кьун буго жиндир заманаялъ I00 процент. Нах кьезе кколеб букIун буго I4 кг. кьун буго 9 кг. 500 гр.

Гьединго пачалихъалъе кьезе кколаан 38 соналъул подоходный налог 3227 гъурущ, гьебги жиндир заманалда кьун тIубан буго. Страхалъул кьезе кколеб букIана 2674 гъурущ, гьебги жиндир заманалда кьун буго.

ЦIоросаролъ бекьизе планалда букIана I га, бекьана I,92 га. Огород гьабизе планалда букIана I гаялда, гьабун буго 3,8 гаялда.

КъваригIун буго киналго колхозаз пачалихъалъул план тIубаялъул мисал босизе Унсоколо Дахадаев колхозалдасан. Гьел бергьенлъабазда гIей гьабун чIечIого Унсоколо колхозги дагьабги цебетIезе къеркьезе.

**«Унсоколо колхозник» газеталдаса босараб**
**I938 сон.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 46 (7447)
АрбагI
25 ноябрь 2020 сон



# Садовод

Страница в номере



# «Невыплаканные слезы»

В Шамилькалинской СОШ состоялся показ спектакля Эфенди Капиева



В рамках подпрограммы РД «Профилактика и противодействие проявлениям экстремизма в Республике Дагестан», 23 ноября в актовом зале Шамилькалинской СОШ состоялся показ спектакля известного дагестанского поэта, прозаика, переводчика Эфенди Капиева под названием «Невыплаканные слезы». Этот драматичный и в какой-то степени тяжелый спектакль был поставлен на основе реальных историй из «фронтовых дневников» писателя.

В этот день на показ спектакля собрались гости из Махачкалы, представители администрации муниципалитета, педагоги и учащиеся школы. Все смотрели на игру актеров, затаив дыхание: слушать страшную правду о тяжелых военных буднях – нелегко.

Директор Лакского государственного музыкально-драматического театра им. Э. Капиева Магомед Гусейнов поприветствовал детей и собравшихся и отметил, что главная цель их визита в Унцукульский район с такой постановкой – это показать в наше удивительное, яркое, насыщенное, и вместе с тем такое непростое время - ЖИЗНЬ. Такой, какая она есть.

Магомед Гусейнович отметил, что все описанные в спектакле события – не выдумки, а реальность. И посоветовал детям чаще читать книги. «В вашей жизни дальше будет все меньше времени на книги. Поэтому читайте сейчас, читайте побольше книг. Используйте время и возможности, которые у вас есть, - отметил директор Лакского театра. – В книгах описана жизнь, все ее трудности. Книга заставляет нас размышлять».

Драматург Марат Шахманов отметил, что говорить с детьми об экстремизме и терроризме всегда нелегко. И поэтому было решено показать пагубность этих чудовищных явлений через театральную постановку.

Игра актеров и сам спектакль никого не оставили равнодушными. Спектакль воссоздал образ бойца и гражданина, талантливого писателя, из-под пера которого вышли бессмертные строки проникновенных рассказов о простых парнях, бойцах и командирах, героически сражавшихся с врагом. Это правдивые дневники военного корреспондента, создавшего незабываемые страницы летописи военных событий на Северном Кавказе. Это рассказы о людях прифронтовых сел и городов, о мужестве советских людей разных национальностей, подлинных патриотов, несших на своих плечах все тяготы военного времени.

Также выступавшие вспомнили подвиги легендарного героя Советского Союза, летчика Ахмедхана Султана. Был продемонстрирован отрывок из исторического фильма вместе с постановкой спектакля актеров Лакского театра под названием «Ахтунг! Ахтунг! В небе Аметхан Султан!».

Со словами благодарности в адрес актеров и гостей выступил заместитель главы муниципалитета по общественной безопасности Магомед Гамзатов. Он отметил, что на фронт из Унцукульского района ушли 950 человек, из которых вернулись только половина… Также Магомед Гамзатов подчеркнул, что сейчас идет активная пропаганда и вербовка через социальные сети, мессенджеры и больше всего этой пропаганде подвержены именно подростки.

Дети остались довольны мероприятием и унесли с собой массу различных эмоций, переживаний и открытий.

**Асият МАГОМЕДОВА**

# 529 инвалидам в Дагестане выданы сертификаты на улучшение жилищных условий



В Дагестане семьи с детьми-инвалидами и инвалиды первой группы смогли получить квартиры в рамках уникального проекта обеспечения жильем. Это те семьи, которые на протяжении многих лет стояли в очереди на получение сертификата на улучшение жилищных условий.

В Дагестане семьи с детьми-инвалидами и инвалиды первой группы смогли получить квартиры в рамках уникального проекта обеспечения жильем. Это те семьи, которые на протяжении многих лет стояли в очереди на получение сертификата на улучшение жилищных условий.

Сообщается, что в Республике Дагестан 529 инвалидов получили данные сертификаты. Проект предлагает предоставления жилья на льготных условиях.

Сумма полученного ипотечного кредита, или собственных средств заявителя составляет не более 750 тыс. рублей, вся остальная стоимость кв.м. компенсируется за счёт средств бюджета. Например, субсидия на приобретение квартиры, выделенная семье Казиевых составила 1 750 000 рублей.

# Как проиндексируют пенсии в 2021 году

С 1 января 2021 года все страховые пенсии будут проиндексированы на 6,3 процента. Об этом в интервью «Парламентской газете» сообщила заместитель председателя Комитета Совета Федерации по социальной политике Елена Бибикова.




«Напомню, по действующему законодательству индексация всех страховых пенсий неработающим пенсионерам, включая пенсии по старости, проводится с 1 января. В сентябре во время встречи с сенаторами президент Владимир Путин вновь подчеркнул: как бы ни складывалась социально-экономическая ситуация в стране, страховые пенсии будут проиндексированы на 6,3 процента», — отметила парламентарий.

Примечательно, что запланированное повышение почти в полтора раза превысит инфляцию — она, по прогнозам, в этом году составит 3,7-3,8 процента.

В среднем пенсия увеличится на тысячу рублей.

**ЧИТАЙТЕ ПО ТЕМЕ Женщин предложили отпускать на пенсию после рождения третьего ребенка**

Наряду с пенсиями многие, в частности ветераны боевых действий, инвалиды всех категорий, получают ежемесячные денежные выплаты — они будут повышены с 1 февраля, напомнила Бибикова. «Здесь размер индексации определяется исходя из индекса потребительских цен за предыдущий год — пока он 3,8 процента», — сказала она.

С 1 апреля проиндексируют социальные пенсии — они положены тем, кто не смог набрать нужного количества пенсионных баллов и нужного стажа для назначения страховой пенсии. Социальная пенсия повышается также ежегодно — на величину «прогнозного индекса роста прожиточного минимума пенсионера». Пока это 2,6 процента, но показатель еще может быть скорректирован.

ПасихIаб рагIул устарзаби

# Иргьаниса ГIадаба

РагIул устарзабазул ВатIан буго нилъер мугIрузулаб Дагъистан. Иргьани росулъги йикIун йиго бегIераб пикруялъул, пасихIаб каламалъул, рагIул авалалдаса ахир бичIчIулей, ГIадаба абулей гIадан. ГIицIго ГIадабаян аби гурони, росдал гIадамаз гьелда батIияб цIар яги фамилия абулароан. Цо-цо гIадамазул биценалда рекъон ГIадаба гьаюна 1869 соналда. Гьей хун йиго гьанжего гьанже мугIрузда гъвангъизе лъугьараб талихIалъул ва эркенлъиялъул бакъги бихьичIого, 1919 соналда, гIумруялъул 50 сон бугеб мехалъ.

Жиндирго гIумруялъул саназда ГIадабаца гIемерал кучIдул гьарун руго, чанги бегIераб ва гIужилаб рагIи абун буго. Амма кици-бицада хутIарал, цо-цоязда ракIалда чIарал рагIаби гурони гьелъул кодоре щвезе кIвечIо. Гьей гIаданалда МахIмудил гIемерал кучIдул лъалаанилан бицуна доб заманалъул гIадамаз.

ГIадабал росс цIаларав чи вукIаниги, цо-цо мекъи квер бегьулев чи вукIун вуго. ИмангъазалиевМухIамадихъан кодоре щварал гьал кочIол мухъалги гьелъ россасул хьвада-чIвадиялда гьарун руго:

Вореги божуге гIалимзабазда
ГIадамал гуккизе, гIелму цIаларал.
ТIокIалъго божуге ГIадуманида
Рикъун цIани хъолин, хабар букIунин.
Радал балагьула дун ГIадулманихъ
Къуръангун гаргалев, гордухъ вихьула.
Къаде гIенеккула, дун годекIабахъ
Рикъун цIани хъунин, хабар рагIула.

Колоде унаго ГIадабада данде ккун вуго чода рекIун вачIунев, доб заманалда Унсоколо наиблъун вукIарав ЧIохъа Къарнайил ГIумар. Гьев цIакъго гIассилъи цIикIкIарав чи вукIун вуго. Гьесул богIлаздаса жийго йорчIизелъун батизе ккола, данде ккаравго наибасда ГIадабаца гьал рагIаби абун руго:

ГIарцул кунал рараб, кар цIахIилаб чу,
Кверал хъахIав наиб, дуй нух битIаги.

Наибас чIезеги гьаюн, гьел рагIабазухъ ГIадабае хъахIаб гIарцул гъурущ кьун бугин бицунаан.

Цо ккураб власть гьечIого кьаха-риххун букIана дол соназда Дагъистан. Кутакалда хиралъулеб букIана бакIалъулал гIадамаз бокьа-бокьахъе бичулеб рукIа-рахъиналъе хIажалъулеб къайи. Гьединаб заманалда Заргьаласул ГIабдулхIамидица годекIанисан ячIуней йикIарай ГIадабада гьикъун буго «Гьаб дунялалда дуца щиб цIар лъолеб?»,-абун.

Галошал тIванкъана, тIукъли лъугIана,
Чухъби халалъана,
Ххам багьалъана,-абун жаваб кьун буго гьелъ яхъун чIовухъего ва тIадеги жубан буго
Ясазе букъулеб зили-махмарал
Гъоркьа тIулби рахъун, ретIел гьабуна.

Бицен буго гьей гIадамазда кочIол рагIабаздалъун гурони кIалъалароанилан. ГодекIанирги рукIун жиндего гаргалел ратарал гIадамазда гьелъ гьадин абун буго:

Илбисазул свери, серхIазул авал
ХIалица йорчIана, дун гъанкъичIого.

«Хадарго» абулеб бакIалда ГIадабал хуриреги кIанцIун АсхIабил ГIайшат абулей гIаданалъул цIаназ цIоросаролъ хвезабун батараб мехалъги гьелъ росулъе гьадинаб ругьел битIун анила:

ЦIоросаролъ кванан, цIани расандун
ЦIакъаб кеп рагIула, Хадароялда.
Ибрагьим ханасул, халатай бика
Хехго щваян абе, цIцIани речIчIизе.

ХIайбулагь абулев чиясул гьабихъ ххенолей йигеб мехалъ гьесул куйцаги гIанкIабацаги гIакъуба кьун буго ГIадабае, ай бакъалде бараб цIоросаролъ гIанкIуяз хвезабун, гьел рачахъизе араб мехалъ ххараб ханжу куйца гьанщун буго. Гьеб кьаха-риххиялда йикIаго тIаде вачIарав гьабигьанасда гьелъ гьадин абун буго:

ГIанкIудал тIанчIазде, тIагIен баккаги,
ТIаде магIарухъе, куй бахунгеги.
Ххенараб гьанщана, ххинчIеб бищана
Хайираб жо течIо, кIиябго къолол.

Гьединай йикIун йиго Иргьаниса ГIадаба – пасихIаб рагIул магIарулай.

М. ШИГЬАБУДИНОВ.

# Пайдаяб дандчIвай



Дагъал церег1ан къоязда Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъаби дандчIвана районалъул школазул цIалдохъабигун. Гьениб аслияб тема букIана «С ненавистью и ксенофобией нам не по пути»,-абураб. Полициялъул вакилзабаз лъималазда бицана щиб жо кколеб ксенофобий (цогидаздехун рокьукълъи, гьел рич1ч1унгут1и ), сундасан байбихьулеб гьеб рокьукълъияли. Лъимал гьираялда гIенеккана гьезухъ ва кьуна темаялда хурхарал гIемерал суалалги.

Гьединал тадбираз лъималазулъ куцала цоцада ричIчIи, гурхIи, цоцадехун гьудул-гьалмагълъиялъулаб бербалагьи, кумек гьабула сверухълъиялде бичIчIигун балагьиялъе.

# Районалдаса вакилзаби Буйнакскиялда



Унсоколо районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, гьал къоязда администрациялъул вакилзаби щвана Буйнакск шагьаралде, цIа гIадав революционер, нилъер ракьцояв МахIач Дахадаевасул хабаде.

ДАССРалъ 100 сон тIубаялъул тадбиралда хурхараб сапаралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадов, гьесул заместитель ГIабдумутIалим МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул начальник КъурамухIамад ХIасанов, культураялъул отделалъул начальник ГIали МухIамадов, гIолилазул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул начальник АхIмад МухIастанов ва цогидалги. Сапаралъул аслияб мурад букIана нилъер республика цебетIеялъе кIудияб хIалтIи гьабурав, жиндир цIар республикаялъул тахшагьаралда лъурав МахIач Дахдаевасул хабаде щвей.

Районалдаса вакилзаби дандчIвана Буйнакск шагьаралъул бетIергун. Гьезул администрациялъ гIемераб хIалтIи гьабун бугоан вацlлъиялъул хабалазда сверухъ, аллея къачIаялда. Жидерго иргаялда районалъул администрациялъги хIукму гьабуна МахIач Дахадаевасул сурат тIад щула гьабураб къед берцинго къачIазе, гьединго гьесул бахIарчияб гIумроялъул нухалъул тарих хъвазе

**ЛЪАЗАБИ**

2001 соналъул 26 июналъ Шамильхъала СОШалъ Шахрудинов Мурад МухIамадовичасул цIаралда къураб № А 7325878 аттестат билун буго.

Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 24.09.20 г. 17.00 фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.